

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, aya tilu hal anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nu ngawengku wujud, aspék, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Wujud kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, kapanggih aya 237 data omongan anu dipasing-pasing kalawan opat wincikan, ngawengku 1) wujud wawaran (*déklaratif*), 2) pananya (*intérogatif*), 3) paréntah (*imperatif*), jeung 4) panyeluk (*aklamatif*). Unggal wujud kedaling pragmatik kalimah miboga rupa-rupa ma'na saperti wujud kedaling pragmatik kalimah wawaran (*déklaratif*) ngawengku wawaran iber, wawaran nitah, wawaran ménta, wawaran ngajak, wawaran ngabagéakeun, wawaran nyaréék, jeung wawaran ngantebkeun. Wujud kedaling pragmatik kalimah pananya (*intérogatif*) ngawengku pananya kaayaan, pananya waktu, pananya tempat, pananya ngantebkeun, pananya rasa, pananya kalakuan, pananya sabab, pananya cara, pananya asal, pananya golongan, jeung pananya babandingan. Ari wujud kedaling pragmatik kalimah paréntah (*imperatif*) ngawengku paréntah pangjurung, paréntah panitah, paréntah paménta, paréntah pamaksa, paréntah panyaréék, paréntah pangajak, paréntah panggeuri, paréntah pangajur, paréntah panggentra, jeung paréntah pangwawadi. Nu pamungkas dina wujud kedaling pragmatik kalimah panyeluk (*aklamatif*) ngawengku kedaling kukulutus, tumamprak, kakaget, kakeheul, katengtrem, jeung panghaturan. Dumasar kana wujudna data nu panglobana téh ngandung wujud wawaran 'iber' jeung pananya 'kaayaan' nu masing-masing aya 46 data omongan.

Patali jeung aspék kedaling pragmatik kalimah nu kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata ngawengku 1) aspék sosialisasi, 2) aspék sikap inteléktual, 3) aspék émosi, 4) aspék informasi faktual, 5) aspék moral, jeung 6) aspék ngungkulan masalah. Dumasar kana hasil panalungtikan

data omongan nu panglobana kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata téh ngandung aspék sosialisasi nu jumlah data omonganana nyaéta 107 data omongan, sedengkeun nu pangsaeutikna dina aspék ngungkulan masalah kalawan jumlah data omonganana nyaéta 1 data omongan.

Pamungkas, dina ieu panalungtikan nganalisis data omongan dumasar kana wanda kedaling pragmatik kalimahna. Wanda kedaling pragmatik kalimah nu kapanggih dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata ngawengku 1) omongan langsung literal, jeung 2) omongan teu langsung literal. Dumasar kana wandana, data omongan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata téh ngandung wanda omongan langsung literal nu jumlah data omonganana nyaéta 234 data omongan sedengkeun dina wanda omongan teu langsung literal aya 3 data omongan.

## 5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan ngahasilkeun data ngeunaan wujud, aspék, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata nu satuluyna bisa dimangpaatkeun pikeun sumber rujukan di paguron luhur, bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan-panalungtikan satuluyna atawa bisa ogé dijadikeun bahan ajar basa Sunda di sakola-sakola.

## 5.3 Rékomendasi

Rékomendasi nu ditepikeun saréngsena ieu panalungtikan nyaéta lantaran masih kurangna panalungtikan-panalungtikan nu medar ngeunaan kedaling pragmatik kalimah nu ngabalukarkeun kurangna eusi dina ieu panalungtikan. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan-panalungtikan satuluyna nu bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu bisa nimbulkeun tinimuan-tinimuan anyar.